



OFFICE OF THE CHIEF INSTRUCTIONAL OFFICER
 5775 Osceola Trail
 Naples, FL 34109-0919
 (239)377-0201
 (239)377-0205 FAX

Rezon ki fè nou voye lèt sa a se pou enfòmè ou sou fason yo itilize ekzamen final Kou Aljèb 1 an pou kalkile nòt yo ap ba ou pou klas Aljèb 1, Aljèb 1 Onè oubyen Matematik Pre-AICE 1 pitit ou. Si ou genyen nenpòt kesyon konsènan fason yo pral kalkile nòt final pou klas Aljèb 1, Aljèb 1 Onè oubyen Matematik Pre-AICE 1 yo, tanpri ale diskite sa avèk pwofesè pitit ou, oubyen ale wè konseye lekòl.

Elèv ki te antre nan klas 9èm pou ane 2010-2011 la (koulve a yo nan 10èm ane)

Gwoup elèv 9èm ane pou ane 2010-2011 la (elèv ki te klas segondè yon an klas 9èm ane pandan ane lekòl pase a), kip ran kou Aljèb 1, Aljèb 1 Onè oubyen Matematik Pre-AICE 1, ekzamen final klas aljèb 1 an pral konte pou 30% nòt final li, pou tout ane a nèt (wè tablo ki pi ba a). Depatman Edikasyon Florid la pral rapòte rezilta ekzamen final klas aljèb 1 an swivan yon chif ke CCPS pral konvèti an nòt an lèt.

<u>EKZANP</u>	Semès 1			Semès 2		EOC 30%	Final
	Peryòd 1 (14%)	Peryòd 2 (14%)	Exam (7%)	Peryòd 3 (17.5%)	Peryòd 4 (17.5%)		
Nòt an Lèt li Resevwa	B	C	F	C	D	C	
Pwen li fè	3	2	0	2	1	2	
Pwen ki mezire * li fè	$3 \cdot .14 = .42$	$2 \cdot .14 = .28$	$0 \cdot .07 = 0$	$2 \cdot (.175) = .35$	$1 \cdot (.175) = .175$	$2 \cdot .30 = .6$	
Kantite Pwen li Fè an Total	$.42 + .28 + 0 = .70$			$.35 + .175 = .525$.6	$1.825 = C$

*1.825 kalite pwen ki awondi a yon nòt C

Elèv ki nan Klas 11èm oubyen Klas 12èm ane

Pou elèv ki nan Klas 11èm oubyen Klas 12èm ane ki ap swiv kou Aljèb 1 oubyen Aljèb 1 Onè, egzamen final kou Aljèb 1 yo a pral konte pou 20% nan nòt ki pral parèt nan dezyèm semès la (wè tablo ki pi ba a).

Nòt an Lèt	Kalite Pwen li fè pa nòt an lèt yo	Pwen/ Peryòd (konte de fwa)	Ekzamen Final Kou Aljèb 1 an (kone de fwa)	Ranje Pwen Semès la pou Resevwa Nòt Final la
A	4	8	4 (Nivo 5)	18-20
B	3	6	3 (Nivo 4)	13-17
C	2	4	2 (Nivo 3)	8-12
D	1	2	1 (Nivo 2)	5-7
F	0	0	0 (Nivo 1)	0-4

	Peryòd 3	Peryòd 4	Ekzamen Final Aljèb 1	Total Pwen li Resevwa	Nòt Final li an Lèt
Pousantaj Semès la De Nòt	40%	40%	20%		
Nòt an Lèt li Resevwa	B	C	D (Level 2)*		
Pwen li fè	3 (double)	2 (double)	1 (no double)	6 + 4 + 1 = 11	C

	Peryòd 3	Peryòd 4	Ekzamen Final Aljèb 1	Total Pwen li Resevwa	Nòt Final li an Lèt
Pousantaj Semès la De Nòt	40%	40%	20%		
Nòt an Lèt li Resevwa	D	D	C (Level 3)*		
Pwen li fè	1 (double)	1 (double)	2 (no double)	2 + 2 + 2 = 6	D

Si ou genyen nenpòt kesyon konsènan fason yo pral kalkile nòt final pitit ou pou kou Aljèb 1, Aljèb 1 Onè oubyen Matematik Pre-AICE 1 a, tanpri ale diskite sa avèk pwofesè pitit ou a, oubyen ale wè konseye lekòl pitit ou a.